*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№8 (60528) * 2020 с. * 24 февраль * 30 жумадул ахир * 1441 с. * итни *

## БАРКУЛА ЮБИЛЕЙ



**ГIабдурахIман ГIусманович ГIусманов гьавуна Хьаргаби районалъул Хьаргаби росулъ 1950 соналъул 25 февралалда. 1975 соналъ Дагъистаналъул медицинаялъулаб институт лъугIизабун, хIалтIулаб байбихьи лъуна Йошкал – Ола шагьаралда. КIудияб хIалбихьиги, махщелги щвана гIолохъанав хирургасе гьенив хIалтIулаго. Щвараб махщалида гIей гьабичIого жеги лъайги, махщелги камил гьабизе цIализе лъугьана аспирантураялде АМН СССР лъул тIолгосоюзалъулго гIелмияб централде. 1984 соналъ бергьараб хIалалда кандидатасулаб диссертацияги цIунун мустахIикълъана медицинаялъулаб гIелмуялъул кандидат абураб гIелмияб цIаралъе. Щвараб гIелмуялдасан, махщалидасан пайдаги босизе нахъ вуссана гIагараб ракьалде.**

1984 соналдасан байбихьун хIалтIана батIи – батIияб хъулухъазда Дагъистаналъул медицинаялъулаб институталда ассистентасдасан байбихьун профессорасул хъулухъалде щвезегIан.

1988 соналъ цIунана докторасулабдиссертация ва мустахIикълъана профессорасул гIелмияб цIаралъе.

ГI. ГIусмановасул нухмалъиялда гъоркь анлъго кандидатас цIунана диссертацияби ва анкьгоял мустахIикълъана медицинаялъул гIелмуялъул доктор абураб цIаралъе.

1988 соналъ гIолохъанав гIалимчиясул бугеб лъайги, бажариги, хIалтIи гIуцIизе бугеб махщелги, жигарчилъиги хIисабалдеги босун ГIабдурахIман вищула Дагъистаналъул пачалихъалъулаб медицинаялъулаб академиялъул ректорлъун.

ЗахIматаб заман букIаниги гьеб жавабияб хъулухъалда ГI. ГIусмановасухъа бажарана академия борхатаб даражаялде бахинабизе. АнцIила щугогIан соналъ нухмалъи гьабуна ГIабдурахIман ГIусмановас гIагараб академиялъе. ГIицIго ректорлъи гуребги ГI. ГIусмановас гьабуна жамгIияб цебехъанлъиги, 1999 соналдасан байбихьун лъабго нухалъ тIатIала вищана Хьаргаби районалъул рахъалдасан Дагъистаналъул Халкъияб собраниялъул депутатлъун.

Дупутатасул тIадкъаял тIуралагоги яхI – намусалъул даража гьес борхатго ккуна ва ракI бацIадго тIуразаруна. ГIабдурахIманица берцинаб гIададатиб тарбия кьун гIезаруна 6- го лъимал, гьезул лъабгоязги тохтурлъиялъул махщел тIаса бищана.

ГI. ГIусманов ккола Россиялъул Федерациялъул мустахIикъав тохтур, Дагъистан республикаялъул мустахIикъав тохтур, Дагъистан республикаялъул мустахIикъав гIалимчи, Дагъистаналъул пачалихъалъулаб премиялъул лауреат, Халкъазда гьоркьосеб «Святая София» шапакъаталъул лауреат.

РакI бацIадаб, мисалияб хIалтIуе гIоло мустахIикълъана пачалихъалъулал шапакъатазе – «Гьудулъи» орденалъе ва «Дагъистан Республикаялъе гьабураб хъулухъалъе гIоло» орденалъе.

Районцояз ГIусманов ГIабдурахIманил гIумруялъул юбилейги баркулаго гьарулеб буго щулияб сахлъи, талихI, сахаб халатаб гIумру, гьабулеб ишалъулъ тавпикъ.

**Сураталда:** ГI. ГIусманов

## *Баркула ВатIан цIунулезул къо*

**ГIадатлъун лъугьухъе, щибаб соналъул 23 февралалда Россиялъул гIемермиллатазулаб халкъалъ ва бахIарчиял яргъилал къуватаз кIодо гьабула ВатIан цIунулезул къо. Бищунго хIурматиял байрамазул цояблъун ккола гьеб.**

ВатIан цIунулезул къоялъ нилъер халкъалъ кIодо гьарула пачалихъалда цере Россиялъул солдатазул чIахIиял гьунарал. Нилъер солдатаз бахIарчилъи бихьизабуна КIудияб ВатIанияб рагъда, гьелда цересел рагъазда.

БахIарчиял умумузул мустахIикъал ирсилаллъунги рукIун, улкаялъул яргъилал къуватазул хIурматияб байрахъ борхатго ккун буго жакъа Россиялъул армиялъ. Гьелъ жиндирго хIурматияб борчлъун рикIкIунеб буго Россиялъул гIадатазул эркенлъи ва хIинкъи гьечIолъи ясбергIадин цIуни. Гьеб армиялда мустахIикъаб къагIидаялда рагъулаб хъулухъ гьабулеб буго нилъер районалъул васазги.

ракI-ракIалъ баркула районалъул киналго гIадамазда, Венгриялда, Чехословакиялда, Афгъанистаналда, Таджикистаналда, Чачан республикаялда рагъулал тунка – гIусиязда гIахьаллъаразда, Чернобылалъул авариялъул зарал лъугIизабиялда хIалтIаразда ВатIан цIунулезул къо.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, ракълилаб ва талихIаб гIумру. Биччанте кидаго щивасда тIад букIине гвангъараб бакъ, роцIараб зоб. Камугеги щивасул къайи – свериялда лъималазул рохалилаб релъи.

**Р. МАЛАЧИЛОВ**
**«Хьаргаби район» муниципалияб районалъул бетIер**




## *Баркула!*

РакI – ракIалъго баркула районалъул киналго гIадамазда, батIи – батIиял рагъулал тунка – гIусиязул гIахьалчагIазда, ветераназда ва Россиялъул яргъилал къуватазда хъулухъ гьабулезда тIаде щвараб байрам – 23 февраль – ВатIан цIунулезул къо.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, халатаб ва хьараб гIумру, роцIараб ва гвангъараб зоб.

**М. ГIУСМАНОВ**
**Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев**

**М. МУХIАМАДОВ**
**Лъайкьеялъул профсоюзазул председатель**

# БАЙРАМАЛЪУЛ ХIУРМАТАЛДА



Районалъул лъайкьеялъул учреждениязда байбихьана 23 февраль – ВатIан цIунулезул къоялда рухьинарурал тадбирал тIоритIизе. Байбихьи лъуна Хьаргаби росдал «Солнышко» ясли – ахалда байрамалъулаб утреник тIобитIиялдасан.

Тадбир гIуцIулез баян кьуна 23 февралалда рухьинарурал батIи – батIиял номераз гIисичазе патриотикияб тарбия ва ВатIан цIунулездаса чIухIи рекIелъе бачIинабизе бигьа букIунилан.

Тадбиралда гIисичаз ва тарбиячагIаз ВатIан цIунулезул ретIелги ретIун бихьизабуна кечI ахIизе, рикIкIине, кьурдаби гьаризе жидерго бугеб махщел. Гьединалго тадбирал тIоритIизе хIисабалде босун буго ясли – ахалъул киналго группабазда. Гьел киналго тадбиразда хасаб бакI ккола гIисичаз жидерго махщелалда, жидерго кверaз гьарурал гIисиналго сувенирал эменазе, инсул эменазе хIадур гьарулел рукIин.

**Сураталда:** «Солнышко» ясли - ахалда

# РАЙОНАЛЪУЛ ХЪУЛУХЪАЗДА ХИСА – БАСИЯЛ



I8 февралалда районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулесул заманаялъ ишал тIуралевлъун тIамун вуго ГIалиханов Дайтбег МухIамадович. Гьев гьавуна 1980 соналъ Хунзахъ районалъул ГIахьалчIи росулъ. ХIалтIул хIалбихьи буго 20 сон. Байбихьана участковиявлъун, хIалтIана уголовияб розыскалда. Ахирисеб хIалтIулеб бакI Болъихъ районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулесул заместитель. Буго хъизан ва кIиго вас.

Районалда законал тIураялда гьабулеб хIалтIулъ ритIухълъи цIунизе сахлъи, къуват кьеги.

**Сураталда:** Д. ГIалиханов

*Дин ва гIумру*

# РАЖАБ — АЛЛАГЬАСУЛ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى МОЦI

**Аллагьасул кIудияб рахIматалдалъун нилъеда тIаде щвана Аллагьасул моцIилан жинда абулеб хирияб ражаб. ТIолабго бусурбабазул умматалъе Аллагьас Жиндирго цIобалдалъун исанаги рес кьуна хирияб ражаб моцIалда дандчIвазе.**

Нилъ цогидал моцIазда жанир гъапулго чIун рукIун ратаниги, ражаб моцIалдаса байбихьун кIвараб хIалалъ хIаракат бахъизе ккола Аллагьасдеги руссун, Гьесие гIибадат тIагIаталда рукIине. Гьединго ражаб кколаункъабго хIарамалъул моцIаздаса цояблъунги. Гьелда жанир рагъ – кьал гIадинал, къисас ва гьездаго релълъарал жал, хIарамал руго.

Аллагьас Къуръаналда абулеб буго: **«...ва гьединго нужеего зулму гьабуге, гьел (ункъалго) моцIазда жанир мунагьал гьарулаго»** (сура «ат – Тавба», *36*). Гьаб аяталда жаниб Аллагьас зулкъагIида, зулхIижа, мухIаррам ва ражаб моцIазда жанир мунагьал гьарулел гIадамал, жидеего зулму гьабулезда релълъинарун руго. Гьединго гьал моцIазда жанир гьарурал лъикIал гIамалал азариде рахинарулел гIадин мунагьалги кIодо гьарун хъвала.

Ражаб ккола жагьилаб заманалдаго гIарабаз кIодо гьабулеб букIараб моцIлъун. Ражаб тIаде бачIиндал гьез рагъал гьоркьор къотIизарулаан. ГIараб мацIалдаса «Ражаб» абураб рагIиялъул магIна ккола «кIодо гьабуна» абураб.

## Ражаб моцIалъул гIибадат

Ражаб моцIалъ кIал ккезе беццараб буго. ТIолабго моцIалъ кIалал ккезе бажаричIониги, тIоцебесеб, анцIила щуабилеб ва ахирисеб кIалал ккезе беццараб буго. Анас бин Маликидаса бачIараб хIадисалда абулеб буго «Нужеца кIалал ккве ражаб моцIалъ, щай абуни, ражаб моцIалъ ккураб кIал Аллагьас къабул гьабула цо хассаб гIибадат гIадин», - ян. Ражабалъул тIоцебесеб анцIабго къоялъ бихьизабун буго 100 нухалъ цIализе: «субхIанал хIаййил къаййум», кIиабилеб анцIго кьоялъ 100 нухалъ: «субхIанал ахIади – ссамад», ва лъабабилеб анцIго кьоялъ 100 нухалъ: «субхIанаЛлагьи – ррауф».

Гьединго Ражаб моцIалъ Аварагасдаса (с. гI. т. в.) бачIараб дугIаги гьабизе цIакъго хирияб буто: «Аллагьумма барик Лана фи Ражаба ва ЩагIбана ва балигъна Рамазана» .

## Исраъ ва МигIраж

ТIадегIанав Аллагьас нилъер Авараг (с. гI. т. в. ) кIодо гьавуна аварагзабазеги малаикзабазеги кьечIеб даражаги кьун. Аллагьасул дин тIибитIизабулаго гьесда бихьараб гIакъуба-къварилъиялъухъ Аллагьас гьев кIодо гьавуна МигIражалдеги вачун. Нилъеда бичIчIизе ккола, Аварагас (с. гI.т. в.) тIалаб гьабун гуреб гьесие щвараб бугеб МигIражалде вачиналъул даржа. Цере рукIарал аварагзабазе Аллагьгун кIалъалеб даража щвезе ккани, гьез гIемераб тIалабги гьабун гьарун-хIелун гурони гьезие гьеб щвечIо. Амма нильер Авараг (с. гI.т.в.) абуни, Аллагьасул рахъалдаса малаикги вачIун алжаналъул Буракъгун цадахъ, гьедин ахIаравлъун вукIана. Дагьабго жо гьелъулги бицинин. Сардилъ, 27-абилеб ражабалъ, ЖабрагIил малаик вачIана алжаналъул Буракъги бачун ва гьелда гьевги рекIинавун щвана Иерусалималъул ракьалде (Исраъ) ва гьениб бугеб Байтул Мукъадас мажгиталда Аварагас (с. гI. т. в.) кIиго ракагIаталъул какги бана киналниги аваргзабазул имамлъунги вукIун. Гьениса гьел кIиязго анкьабго зоб тана (МигIраж), Сидратул Мунтагьа абураб даражаялде щведал Авараг(с. гI.т. в.) живго цохIо вахана гьениве тIаде, щайгурелъул ЖабрагIил малаикасе гьениве вахине изну букIинчIо. Аварагасда (с. гI.т. в.) бихьизабуна алжан-жужахI ва гьезда жаниб бугебщинаб, гьединго Аллагьас гьесие тIолабго махлукъаталъул гIелмуги рагьана. Гьениб гьесул умматалда тIад лъуна къойил щуябго как байги. Гьедин гьеб кинабгоги бихьун гьев вукIараб бакIалдеги щвезавуна.

ГIалимзабаз абухъе, «ражаб буго хьон хьалеб моцI, шагIбан - лъалъадулеб моцI ва рамазан - бачIин бакIарулеб моцI». ГьединлъидаI нилъеда бичIчIизе ккола ражаб моцIалъ хьачIеб хьон шагIбаналъ лъалъаларо ва рамазаналъ бакIаруларо. Гьелъул магIнаги ккола, унго-унгояб хIадурлъи нилъер букIине ккани, шагIбаналдаги рамазаналдаги дандчIвазе, нилъеца ражаб моцIалдаса байбихьизе ккола Аллагьасе гIибадат- тIагIаталда рукIине. Мисалалъе, ражаб моцIалъ гьоркьоб - цебе кIалал кколев чиясе бигьаяб букIуна шагIбаналъги рамазаналъги кIалал ккезе ва гьединго, гьаб моцIалъго жамагIат-каказдe хьвадулев чиясе, рамазан моцIалъул таравихIазде хьвадизеги бигьалъула. АслуялдасагІо цо жо гьабизе байбихьарав чи, ахиралде щола бигьаяб куцалда. Аллагьас нилъ киназего тавпикъ кьеги ражаб моцIалъ хьараб рамазаналъ бакIаризе. Амин!

*будьте осторожны!*

# ГАЗ НЕ ПРОЩАЕТ ХАЛАТНОГО ОТНОШЕНИЯ

**На прошедшей неделе состоялось совещание, на котором Глава республики Владимир Васильев поднял вопрос обеспечения населения Дагестана в части газовой безопасности. Как показывает статистика, республика и её жители испытывают серьёзные проблемы в части безопасного потребления газа. Только за январь-февраль текущего года отмечено 18 происшествий, в результате которых пострадало 40 человек.**

Последний трагический эпизод произошел 15 февраля в городе Махачкала. В ночь на субботу в двухэтажном частном доме произошел взрыв газовоздушной смеси без последующего горения. В результате пострадала 53-летняя женщина, которая в тяжелом состоянии доставлена в ожоговое отделение Республиканской клинической больницы. В этом случае повезло, что не случилось разрушения дома и не возник пожар, ведь взрыв случился ночью и могли пострадать спящие люди, в этом случае масштаб трагедии мог бы быть больше. Обстоятельства случившегося выясняются, но очевидно одно – к вопросу газовой безопасности отношение халатное, ведь всем кажется, что если слышится слово «газ» – то за всё (и за утечки, и за безопасность) должны отвечать газовики, однако соблюдение правил безопасности - дело общее. Пояснить правила безопасного использования газа мы попросили исполнительного директора ООО «Газпром газораспределение Дагестан» Ризвана Газимагомедова.



**– Ризван Казимович, обращение с газом требует внимания и осторожности. Что бы вы посоветовали потребителям?**

Газ не прощает небрежного, безответственного отношения. Когда один из жильцов многоквартирного дома игнорирует процедуру регулярного профилактического осмотра внутридомового газового оборудования (ВДГО), пострадать могут все. Экономия на профилактике газового котла или плиты может обернуться непоправимой трагедией. Основные причины несчастных случаев, чрезвычайных ситуаций – отравление угарным газом из-за неисправности оборудования, дымоходов и вентиляционных каналов, хлопки газовоздушной смеси в жилых зданиях. Безопасное состояние внутридомовых и внутриквартирных газовых сетей и оборудования можно обеспечить только при условии периодического технического обслуживания специализированной организацией. Для этого необходимо своевременно заключать договор на техническое обслуживание ВДГО и ВКГО. Более того, согласно постановлению Правительства № 410 от 14 мая 2013 года потребитель газа обязан иметь договор на техническое обслуживание газового оборудования. Проводимые специалистами «Газпром газораспределение Дагестан» профилактические работы гарантируют сохранность вашего здоровья и имущества.

**– Уточните, пожалуйста, является ли заключение договора техобслуживания газового оборудования обязанностью потребителя газа? И чем грозит отказ от проведения технического обслуживания и заключения договоров?**

– Если у абонента нет договора на техобслуживание и аварийно-диспетчерское обеспечение, то поставщик газа – компания «Газпром межрегионгаз Махачкала» вправе не заключать договор на поставку газа потребителю либо приостановить исполнение своих обязательств по ранее заключенному договору (Постановление Правительства РФ № 549). Поставщик в данном случае руководствуется не только требованиями законодательства, но и правилами обеспечения безопасности пользователей природного газа. Поставка газа на неисправное оборудование недопустима. Даже при условии полной и своевременной оплаты потребленного газа.

Сегодня, по поручению главы Республики Дагестан начата повсеместная проверка состояния газового оборудования у жителей республики. Подворовые и поквартирные обходы проводят специалисты МЧС, Госжилинспекции, эксплуатационно-газовых служб и пожарные. Поэтому отнестись к вопросу заключения договоров на техническое обслуживание газового оборудования нужно максимально ответственно.

**— Какие виды услуг предусмотрены при проведении технического обслуживания газового оборудования?**

– Согласно Постановлению Правительства РФ от 14.05.2013 N 410 в минимальный перечь выполняемых работ и услуг входят:

– визуальная проверка газового оборудования, состояния окраски и креплений газопровода

– проверка герметичности соединений и отключающих устройств

– разборка и смазка кранов

– регулировка процесса сжигания газа на всех режимах работы,

– очистка горелок от загрязнений

– проверка наличия тяги в дымовых и вентиляционных каналах

– инструктаж потребителей газа по безопасному использованию газа

**– Сколько стоит техническое обслуживание?**

– Стоимость работ по техническому обслуживанию и ремонту ВДГО зависит от модели и количества газового оборудования и рассчитана в соответствии с прейскурантом, разработанным проектным институтом «Гипрониигаз». К примеру, стоимость технического обслуживания четырех конфорочной газовой плиты для населения в год составляет от 330 рублей, бытового газового счетчика от 127 рублей.

После проведенного ТО ВДГО потребитель, в случае фактического выполнения работ, подписывает акт сдачи-приёмки выполненных работ. И, таким образом, человек может быть уверен, что в дальнейшем ему не придётся ждать неприятных сюрпризов от работающего котла или включенной газовой плиты.

**– Какие компании в Республике Дагестан имеют право выполнять работы по техническому обслуживанию внутридомового газового оборудования?**

– Оказывать услуги по техническому обслуживанию газового оборудования имеет право только специализированная организация, имеющая обученный квалифицированный персонал и аварийно-диспетчерскую службу. Компания «Газпром газораспределение Дагестан» оказывает данные услуги. Обученный персонал, современная техника позволяют нам гарантировать безопасность наших потребителей.

**- Куда надо обращаться, чтобы заключить договор на техническое обслуживание ВДГО?**

– Заключить договор на техническое обслуживание, ремонт и аварийно-диспетчерское обеспечение внутридомового или внутриквартирного газового оборудования можно, обратившись лично в газовую службу по месту жительства. Адреса, номера телефонов и режим работы газовых служб размещены на официальном сайте ООО «Газпром газораспределение Дагестан» gro05.ru в разделе «Контакты». Также на сайте Общества можно узнать об услугах в области газоснабжения и действующих тарифах на них. В завершение хотелось бы призвать жителей нашей республики к необходимости соблюдения правил безопасности при использовании газа в быту. При возникновении аварийной ситуации, обнаружении запаха газа вызывайте аварийную службу вне загазованного помещения по телефону 04, с мобильных телефонов – 104, единый номер Службы спасения – 112. Аварийная служба работает круглосуточно, без выходных и праздничных дней.

**ПРЕСС-СЛУЖБА ООО «ГАЗПРОМ ГАЗОРАСПРЕДЕЛЕНИЕ ДАГЕСТАН»**

| | |
|---|---|
| **Контактный телефон:** | **+7 (8722) 67-85-32** |
| E-mail: | dgs_d.biybulatov@mail.ru |
| Сайт: | gro05.ru |

# ОТБОР ГРАЖДАН В ВЫСШИЕ УЧЕБНЫЕ ЗАВЕДЕНИЯ МИНИСТЕРСТВА ОБОРОНЫ РФ

1.В течении февраля-марта 2020 года в военном комиссариате Левашинско-го и Гергебильского районов РД проводится отбор граждан в высшие учебные заведения Министерства обороны Российской Федерации учащихся 11 классов и граждан, окончивших школу.

Также проводится отбор кандидатов, из числа граждан учащихся 11 классов, граждан окончивших школу, или имеющих среднее специальное образование, для поступления в Череповецкое высшие военное инженерное училище радиоэлектроники.

Срок обучения 5 лет.

По всем интересующим вопросам обращаться в военный комиссариат Лева-шинского и Гергебильского районов в с. Леваши **(т. 8(87) 252 21-5-88** и моб.- **(8966)743 45 55**

**Военный комиссар Левашинского и Гергебильского районов М. МАГОМЕДОВ**

# КIИКIУНИСА ЗАЛИМ

**КIодоч, залим, гьел рагIаби рагIаралго бичIчIула, районалъул тарихалда хасаб бакI ккурав КIикIуниса ГIабдурахIманил ГIусманил, нилъер КIудев ГIусманил бицинехъанеб букIин. Гьев лъалев, вихьарав Хъаргаби, КIикIуниса ва районалъул цогидалги росабалъа гIадамал жеги чIаго руго,гьез якъинго бицуна ГIусман дандчIвайгун щивасулъ лъугьунеб букIараб асаралъул. Абула кив гьев вихьаниги гIолилал, гIисинал гьесда хадур рекерулел рукIунаанилан. КIодо гьавулаан гьев чIухIи гьечIев, чIехIел-гIисиназул адаб-хIурмат бугев инсан вукIиналъ, - ян абула гIемерисез, гьевгун дандчIван макъалаби хъварал авторaз, жидерго ракIалда щвезда, гьев лъалев рукIарал КIикIуниса росуцоязги. КIикIуниса КIудияв ГIусман жиндир мунагьал чураяв, гьев вукIана нилъер районалъул чIухIи, КIикIуниб росдал цIар борхизабурав инсан.Аллагьас нилъее вихьизе кьурав , тIабигIаталъул хIикмалъи бугев залимасул : 2 метраги 7 сантиметра черхалъул борхалъи букIана, I50 кг. цIайги букIана. Гьесул гIумру-къисматги захIматаб ва талихIаб букIана.**



ГIусманил эмен Урдаш кIудияб лага-черх бугев вукIинчIила - бицуна, амма гьесул эбел абуни йикIун йиго 2 метраги 20 см. борхалъи бугей залим. Черх ва лага бугей гьей йикIиналъ росуцояз гьелда Хъарт-ГIащатин абулеб букIун буго. ГIащат чIагольи бугей гIадан йикIун йиго. Гьей йихьулаан Хъаргаби базаразда даран-базаралда, лага-черх бугей гьелъухъа киназго даран гьабулаан. I9I2 соналъ гьезие гьавула вас. Гьавуравго гьезул вас 6-7 сон барав лъимадул лага-черх бугев вукIанин,- ян хъвалеб буго. ГIажаибго лага-черх бугев вас КIикIунив гьавиялъул хабар кибго тIибитIана.

I6-I7 сон барав чи ГIусман хIалтIизе уна Каспиялда ччугIа кколеб бакIалде, гьенив хIалтIулаго ГIусманил эбел хола. Бицуна росуцояз рокъоса къватIибе гьесул эбелалъул жаназа босизе рукъалъул нуцIидул кIалтIу-къоно бахъизе кканилан. Кванил ва цогидалълги жиндирго тIалабал тIуразелъун ГIусман хIалтIана Хъаргаби ГЭ-Салъул ралеб бакIазда, Хъаргаби консервал гьарулел заводалда. Кив хIалтIулев вукIаниги гьесда тIаде кколаан хIал-къуват кьезе кколеб хIалтIи. ЧIахIиял хьагазда жаниб бугел карщал рагьаризеги, цIай бугел чакрал къандалъаби раччизеги. ХIалтIиялъухъа хIинкъулароан гьев.

Росуцоязул цIакъ ракI рекъолаан ГIусманида чIухIи гьечIеб гIамал-хасият букIиналъ. Жив залим вукIиналдаса чIухIи букIинчIо, росдал годекIаниве гьев вачIингун гьесулгун махсаро-хоч гьабулаан росуцояз. Унго-унгоги гьесулъ къуват букIин бихьула росуцоязда,хасалихълъиялда хурзазул тIощел рокъобе босулеб заманалда .Рукъалде цебе хIамузда лъун бачIараб хуриса магIишат цIоросоролъги,хIуби-гIамачги кIиго метраялдаса борхалъуде бакIалде бегьулев чи вукIана ГIусман, гьедин бегьулаго, хIамаги гIамачги цадахъ гьес борхиялъул бицуна росуцояз.

Цоги бицуна Хъаргаби консервал гьарулеб заводалда гьев хIалтIулаго цIиял харбал рагIизе, хъалиян бухIизе бокьарал заводалъул воротаялде аскIор ракIарулеб гIадат букIун буго гьениб. Цо къоялъ циндаго заводалде бачIуна цебе-нахъе бихьичIеб автомашина. Гьелъухъ балагьулел рукIана цоял, гIодор чIун хъалиян бухIулеб бугезул цояс шоферасда гьикъула чан чодул къуват гьелъул бугеб? - абун. АнцIго бугин, - чIухIадго жаваб кьола шоферас. Щиб къуват дур маххул машинадул бугеб хIал бихьила гури нилъеца, - ян абун, ГIусманихъ балагьула киналго. Шоферас машина бакула, ГIусманица нахъисеб бампер къан ккула, цебе гьанкIулеб букIинчIо машина, цим бахъарав шоферас, газ цIикIкIун кьезе байбихьана ГIусманица кIиябго нахъисел бурдул ракьдаса тIаде росун чIезабула. КIвечIо маххул машинаялда ГIусманикьа бергьине.

Цодагьаб заман иналде ГIусман районалъул нухмалъулез МахIачхъалаялда тIобитIулеб спортивияб хIаязул спартакиадалде витIула.Гьел къецазул макъала хъварав автор З.Зульфукъаровас ракIалде щвеялъул хъван буго:- «Дида рихьана гIолилазул къукъа гьабун унел, гьел унел ругоан КIикIуниса ГIусманида хадур,гьел гIорцIулел рукIинчIо ГIусманил залимаб къаркъалаялъухъ балагьун. ГIусманица спартакиадалда гIахьаллъи гьабизе букIана граната ва гамачI рехизе къецазулъ. Граната рехулеб майданалда букIана кIиго байрахъал чIван, хадубго баянлъана гьел цояб ДагъистанаIъул ва кIиабилеб СССРалъул рекорд бихьизабураб гIорхъи букIин. ГIусманица хъатал чIахIиял рукIиналъ лъаларо,лъабго кирщазги ккун речIчIараб граната чIана СССРалъул рекорд бихьизабураб байрахъалде щвечIого аскIоб ва судияс лъазабуна 65 метра абун. ЦIай бугеб гамачI рехунги ГIусманикье гIадан рахинчIо. Киназго хъат чIвалеб букIана ГIусмание,дагьалги серухъ рукIарал релъизарула - лъабго нухалъ гамачI рехизе, чанго къояз кваназе, вегизе хIукуматалъ гьави хIалалаб букIинадай дие, - ян гьес абураб мехалъ. Хадубго гьев витIула ДагъистаналъуI командагун Пятигорскиялде Севернияб Кавказалъул спартакиадаялде. Гьенив бергьенлъи босаралъухъ цIар рагIарав большевик С. Орджоникидзеяс аскIовеги ахIун потефонги пластинкабиги ГIусмание сайгъат гьабун кьола. Къуватги-хIалги, берцинаб лага-черхалъул вас Сергоца ахIула СССРалъул тахшагьар Москваялде вачIаян. Орджоникидзеца рагIи кьула киналъего жиндица квербакъилин дуе, - ян. Кьураб рагIи гьес тIокIборчIун тIубазабуна. Москваялда гьев восана ва хьвадана классикаялъул гугариялде гьелда абулаан Французалъулаб гугари,хIалтIулев вукIана «Серп ва Молот» заводалда.Гьесие гьединго рес кьун букIана тIаде гIарац гьабизеги. «Мосфильм» -аялда ункъго киноялда гьес аслияб гурел ролал хIана. ГIусман гIажаибаб берцинаб къуват бугев гугарухъан вукIин лъана СССРалъул чIахIиял шагьаразда.Гьев ахIулев вукIана гугаризе нилъерго ва къватIисел пачалихъалъул къуват бугел гугарухъабигун .КIудияб адаб-хIурматгун къабул гьавуна гуржиязул циркалъ.ГIусман бергьарал дандчIваял гIемер рукIана. Узбекал, таджикал, казахал, туркменал тIаса бер босичIого балагьун рукIунаан ГIусманил гучаб къаркъалаялъухъ. Гугарулаго бараб гIетI жидерго лъималазда бахунаан, гьесда релъарал лъимал жидергоги рукIине.

ГIусман къеркьана варанигун, цогидалги гIалхул хIайваналгун. Киевалъул циркалда гьев къеркьана борохьгун. ЦIер гIадин цIорораб, кIудияб борохьалъул берал дида къанцизаризе кIолаан, кIиго нухалъ дихъе рес щун букIана гьелъул габур кквезе, борохьалъул тIалаб гьабулес дида бицун букIана гIемер гIарац ва месед къунин Африкаялдаса бачIараб гьеб борохьалъухъ,- ян. Ахирги дун тох гьавун лъабго нухалъ жемана дир черхалда, борохьалъ дандекъалев вукIана. РухI босулеб букIана дир черхалъул. Циндаго дида рагIана залалдаса магIарул мацIалъ ахIулеб ГIусман къвалакь, къвалакь буго - абун. Къвалакь бахчараб борохьил бетIерги ккезе щвана ва дица гьеб гьанкъана.

Дун хвеялдаса хвасар гьавурав ватана магIарулав гурев, дагьа-макъаб нилъер мацI лъалев даргинав.

1960 соналъул 29 декабралда ГIусман Аллагьасул къадаралде щола ва вукъун вуго умумузда аскIов КIикIундерил хабалалъ.

**Сураталда :**
- ГI. ГIабдурахIманов

## лъазаби

### ГIарац лъил!

17 февралалда районалъул централъул Идрис Наибасул къватIалда батун буго гIарац. Гьеб бортарал чияз ахIизе бегьула 8928 809 20 67 телефоналде.

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
Заказ № ________. Тираж 1000 экз.

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо». Ж. Сервантес***

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 20 февраля 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00